



DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAAHRAGA KABUPATEN BANTUL
SD NEGERI KARANGGAYAM

Alamat : Karanggayam, Sitimulyo, Piyungan, Bantul, 55792

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Nama Peserta Didik: _____

Nomor Absen : _____ **Kelas :** _____

Basa Jawa Wulangan 3 Wayang

KD. 3.1 Memahami wayang (Baratayudha) dan jamu jawa

Wacanen Kanthi permati!

Gathutkaca Gugur

Lingsir wengi ing Pesanggrahan Randhu Watangan, Prabu Kresna ndhawuhi Raden Gathutkaca minangka senapati Pandhawa ngadhepi senapati Ngastina, Prabu Karna. Nampa dhawuh minangka senapati, raden Gathutkaca mongkog lan seneng atine. wis sawetara Raden Gathutkaca ngarep-arep kepingin dadi senapati labuh marang nusa lan bangsa. Raden Gathutkaca kepingin numpes Kurawa sing duwe watak culika.

Sadurunge budhal maju perang Raden Gathutkaca nyuwun pamit marang ibune. Midhanget putrane arep madeg senapati, Dewi Arimbi bombong penggalihe. Senajan ing batin ana rasa kuwatir merga bakal mungsuh Prabu Karna nanging Dewi Arimbi eklas yen putrane arep labuh marang negara.

Sawise pamit keng ibu Raden Gathutkaca tumuli ngirit wadyabala maju perang ing Tegal Kurusertra. Raden Gathutkaca ngerikgake wadyabala kang wujud raksasa. Raden Gathutkaca ngamuk ing paprangan. Wadyabala Kurawa akeh kang tiwas saka pangamuke Raden Gathutkaca. Pirsia Wadyabalane akeh kang nemu ing tiwas, Prabu Karna nglepasake senjata Kunta. Gathutkaca enggal mabur dhuwur. Senjata Kunta nututi abure Raden Gathutkaca. Kocapan, sukmanipun Kala Bendana, pamane Raden Gathutkaca, enggal nyaut senjata Kunta. Kala Bendana banjur mrepegi Raden Gathutkaca kang lagi sare ing ndhuwur mega. Raden Gathutkaca pirsia ingkang paman mrepegi, kelingan dosane jaman semana. Raden Gathutkaca ora njarag merjaya Kala Bendana.

Raden Gathutkaca banjur pasrah marang Kala Bendana. Senjata Kunta katamakake pusere Raden Gathutkaca, Gathutkaca gugur. Ragane Raden Gathutkaca tiba ing Tegal Kurustra. Kreta titihane Prabu Karna ajur mumur. Para Kurawa akeh kang nemu tiwas ketiban ragane Raden Gathutkaca.

A. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isenana nganggo tetembungan sing mathuk kanthi digeret

1. Nalika nampa dhawuh minangka senapati, atine Raden Gathutkaca rumangsa [redacted]
2. Radhen Gathutkaca kepengin labuh marang [redacted]
3. Sadurunge budhal maju perang Raden Gathutkaca nyuwun pamit ibune, yaiku [redacted]
4. Raden Gathutkaca perang mungsuh [redacted]
5. Wadyabalane Raden Gathutkaca wujud [redacted]
6. Wadyabala Kurawa akeh kang [redacted] saka pengamuke Raden Gathutkaca
7. Pusakane Prabu karna yaiku [redacted]
8. Sing nyaut senjata Kunta yaiku [redacted]
9. Kala Bendana iku [redacted] Raden Gathutkaca
10. Para Kurawa akeh kang nemu tiwas ketiban [redacted]
Raden Gathutkaca

Dewi Arimbi

raksasa

ragane

nemu tiwas

mongkog lan seneng atine

Dewi Kunthi

Tegal Kurusetra

senjata Kunto

Kurawa

Pamane

nusa lan bangsa

Kala Bendana